

Pawòl ko-edite yo

Jean-Emmanuel Léon et Jean-Claude Roc

Nimewo jounal *Haïti Perspectives* sa a ap swiv menm lojik tematik fondamantal GRAHN yo. Nou pral pale sou solidarite nan ekonomi sosyal solidè (ESS) ki se yonn nan potò mitan devlopman dirab an Ayiti.

Gras ak divès efò nan sektè ekonomi sosyal la toupatou nan lemond, fòk nou di lè fòs sektè ekonomik yo mache men nan men ak divès eleman nan sosyete a, se yon faktè pozitif pou devlopman ekonomik ak sosyal nan yon peyi. Sepandan, si konsèp nan ekonomi sosyal solidè kouran, nan lavi toulèjou a li se yon gwo kastèt. ESS se plis pase yon desizyon legal oswa obligasyon nan domèn finans; fòs li chita nan aksyon pratik ak nan bon rezilta li bay nan sosyete a. Li sanble nòmal pou nou pwopoze yon demilitasyon nan referans yo, ki ap rete louvri, sa ap pèmèt nou idantifye yon antrepriz ekonomi sosyal ki gen entansyon fè **ekonomi an mache yon lòt jan**. ESS se yon altènativ nan devlopman ekonomik ak sosyal yon peyi kote se kapitalis klasik epi feròs la k'ap dirije, kote ki gen yon administrasyon piblik ki fèb, sa rann pi fò moun ki ladann yo parese epi sa bloke tout potansyèl pwodiktif yo. Anplisde-sa, gen yon pakèt òganizasyon non-gouvènmantral (ONG) ki la pou fè charite k'ap fè anpil bri, poutan yo ap naje nan aksyon ki pa dirab epi ki rann peyi a pi depanndan. Pwomosyon antreprenarya sosyal ak kolektif la vin tounen yon pasaj oblije pou Ayiti tou nèf n'ap voye monte a.

Ekonomi sosyal se pa yon konsèp senp chak moun ka itilize san li pa konsidere sans sosyolojik li yo ak prensipal dimansyon teyorik li genyen yo. Se yon ansanm aktivite ekonomik ki rantre nan branch sosyal la, epi ki vize prensipalman moun kòm sitwayen ak bezwen sosyo-ekonomik fondamantal li. Misyon li se ede yon kolektivite oswa yon kominote pou yo ka vin endepedan nan aktivite ekonomik altènativ pou ranplase ekonomi kapitalis la. Li opere epi li devlope kote ki gen yon gwo bezwen sosyo-ekonomik wòdpòte otorite yo blye. Se konsa, li gen yon fonksyon doub: goumen kont povrete nan tout dimansyon li yo epitou kreye richès pou byennèt tout moun nan kominote a.

GRAHN santi li konsène ak pwoblèm enpòtan sa yo. Se pou sa l'ap travay ak kolaborasyon *Centre de la Francophonie des Amériques* nan aplikasyon yon rezo sosyal ekonomi solidè ayisyen (RESSH an franse) pou pèmèt Ayisyen yo gen kontwòl pwòp devlopman ekonomik sosyal yo apati konsyans yo tout genyen kòm sitwayen.

An premye, nou prezante yon tèks sou **Plaidoyer en faveur de l'implantation d'un réseau d'économie sociale solidaire haïtien** ki ap bay enpòtan ki genyen nan mete yon rezo ayisyen

ekonomi sosyal ak solidarite sou pye. Devlopman rezo sa a se yonn nan vizyon estratejik GRAHN ki ap travay pou fè pwomosyon yon Ayiti tou nèf.

Li te enpòtan nan refleksyon nou an, pou nou mete aksan sou wòl enpòtan fanm genyen nan ekonomi sosyal. Kidonk, James Oriza Jak ak Paul Bénédique se otè atik ki pale sou **Rôles des femmes entrepreneures dans le renforcement de l'économie sociale et solidaire en Haïti**, nan atik la, otè yo analize wòl fanm, sitou sila yo ki nan antreprenarya fanm nan yon kontèks devlopman ekonomi sosyal solidè an Ayiti. Otè yo montre ki jan, nan yon politik travay oswa kreyasyon richès, amelyore wòl fanm yo, ki vle patisipe aktivman nan ekonomi an, se yon obligasyon. Yo konsantre travay yo sou yon prensip enstitiyonèl, kote fanm kapab jwe twa wòl: demare, fasilite ak jere yon rezo relasyon. Yo konkli atik la ak pwopozisyon pou ranfòse aktivite fanm yo nan mete enstitiyon dirab nan mikwofinans ak kowoperativ agrikòl an Ayiti.

Nan atik **Capital et économie sociale et solidaire: quel cadre institutionnel pour le développement de l'économie et solidaire en Haïti?**, Bénédique Paul, Christian Poncet ak Delphine Vallade ensiste, pou yo di nan listwa, ESS gen anpil chanjman enpòtan ki fèt. Epi apre chak kriz gen nouvo inisyativ ki parèt, inisyativ sa yo lakòz nouvo fòm òganizasyon ESS, sitou òganizasyon mikwofinans (OMF). Yo demontre dout yo genyen parapò ak paramèt enstitiyonèl OMF yo. Nan ka Ayiti a, yo mete aksan sou kesyon andikap estrateji enstitiyonèl nan ESS la. Dapre yo, se yon andikap pou pèmèt OMF pran plis plas ak devlopman kowoperativ epay ak kredi (CEC an franse) an Ayiti. Yonn nan solisyon pwoblèm sa a, se mande gouvènman ayisyen an pou li entèveni nan kreyasyon enstitiyon k'ap mete estrikti òganizasyon ESS yo nan yon kad ki byen reglemante.

Louis Favreau, bò kote pa li, nan tèks li a: **Économie informelle, économie populaire et économie sociale et solidaire: une mise en perspective Nord-Sud**, diminye konfizyon ki genyen ant ekonomi sosyal, ekonomi enfòmèl ak ekonomi popilè. Chak branch sa yo nan ekonomi an mache ak aktivite ekonomik pa yo. Otè a pran san li pou li klarifye epi tou klase yo nan pwòp anviwònman jewografik yo. Ekonomi enfòmèl ak popilè a soti prensipalman nan pati planèt la, yo rele Sid la epitou ekonomi sosyal la limenm soti nan pati planèt la, yo rele Nò a. Nan analiz li a, li montre tout efè absans yon Leta sosyal nan devlopman sosyoekonomik peyi Sid yo, kote politik ajisteman estriktirèl la te mete dout sou avansman peyi sa yo. Otè a fè refleksyon li chita sou enpòtan ki genyen nan renouvèlman Leta sosyal nan Nò ak rekonstriksyon nan Sid, gras ak prezans ESS la.

Pou nou fini ak jounal tematik sa a, men egzanp vivan yon endistri ki te kapab byen sèvi tankou modèl ekonomi sosyal. Nan *Haiti: Perspectives on Cut Flower Production*, Richard Féthière ba nou premye etid solid nan endistri flè an Ayiti epi demontre poukisa epi kòman endistri sa a te kapab reyisi nan yon modèl ekonomi sosyal.

Nou remèsye tout otè ki te kontribye nan reyalizasyon nimewo sa a, patikilyèman Jean Renol Eli pou kolaborasyon li sou kesyon demann pou tèks pou nimewo jounal sa a. ■



INSTITUT DES SCIENCES,
DES TECHNOLOGIES
ET DES ÉTUDES AVANCÉES D'HAÏTI

1000 scientifiques pour Haïti

L'ISTEAH, un modèle haïtien de formation aux cycles supérieurs

Concours d'admission 2014-2015

L'Institut des sciences, des technologies et des études avancées d'Haïti (ISTEAH) invite les intéressés à participer dès maintenant aux concours d'admission à ses programmes conduisant au diplôme d'études supérieures spécialisées (DESS), à la maîtrise (M.Sc. ou M.Sc.A.) ou au doctorat (Ph.D.) dans l'une des quatre disciplines suivantes: ingénierie, gestion de projets, formation professionnelle et technique, sciences de l'éducation. Ces programmes seront offerts à partir de septembre 2015 et le bureau des admissions recevra les dossiers de candidature à partir du **18 août 2014**. Suite à l'analyse des dossiers, les candidats retenus seront invités à un test général d'admission. *Dans chacun de ces programmes, les places sont limitées.*

- Pour des informations sur le processus d'admission, consulter la rubrique « **Admission** » du site de l'ISTEAH: <http://www.isteah.edu.ht/>
- La liste et la description des programmes offerts sont accessibles à partir de l'adresse suivante: <http://www.isteah.edu.ht/index.php/admission-inscription>
- Pour des informations sur les **pièces requises**, consulter le lien: <http://www.isteah.edu.ht/index.php/admission-inscription/pièces-requises>
- Pour toute information additionnelle, veuillez appeler au: **36 36 36 07** ou **47 69 04 04**.